ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ГЪЭЗЕТ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№65 (21.223) ● 2008 гъэм мэлыжьхыхьым (мартым) и 3, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомі 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●КЪБР-м и Парламентым

ІэнатІэр егъэфІэкІуэныМкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр

**КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щэныгъэмкіэ, уэныншагъэр хъумэныМкіэ и комитетымрэ Лэжьыгъэмрэ социальэ политикэмкіэ и комитетымрэ эзэшыгъуу ирагъэкІуэкІа зэІуэпІэщ ыщхъэщыщ КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и «Геронтологиемкіэ республикэ реабилитацэ центр» къэрал Іуэхущапіэм эзэфІэгъэкІхэм.

ЗЭІУЩІЭР къыщыІэзэІуихым, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщіым и къуэдзэ **Федченкэ Людмилэ** къыхигъэщхьэхуакІщ законкэр къыдэзыгъэкІ органым иригъэкІуэкІ кІэпльпІпыныгъэ-аналитикэ лэжьыгъэм хиубыдэу геронтологие центрым и Іуэху эІуТым щыгъуазэ защІын икіи абы дэІэпыкъуН папщІэ мы Іуэхур къыхэзгъахэр.

Депутатхэм я пащхьэ къыщыпсэльащ геронтологие центрым и унафэщІ **Хъэжьымыкъуэ Руслан**. Абы зэІуэпІэм хэтхэзр щыгъуазэ ищІащ езыр зи пашэ Іэнатіэм и зэхэлъыкіэм, нэхъыжьхэм я псэукІэр ящыгъэпсынщІэным хуэунэтІауэ медицинэ лэжьакІуэхэм зэфІэкІ-зэпсэльхьэм. Къэтхэльэм къыхихъэщащ мы Іуэхущапіэм и социально-реабилитацэ къудамэм гъэ къэс сымаджэжь 880 - 910-м зэрызыщагъэхъужьыр икіи а псоми зыхуей хущхъуэрэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэрэ зэрагъэуэтыр. Медицинэ диагностикэмрэ профилактикэмкіэ къудамэми ильэсым щыху 3827-м зыхуей Іуэхущхьэзэ псори щыхуащІэ.

Апхуэдэу щыт пэтми, языныкъуэ ойорудованэ лЭуэжьыгъуэхэр зэримыЗм къыхэкІыу, мы Іуэхущапіэр гугъу ёохь, сымаджэхэзм я узыр нэгъэсауэ щахуэзэкмыгъэкІ щыІэщ. Къапщтэмэ, рентген аппаратыр жьы дыдэ хъуащ, эзбгъэпщынкІынуН абы пкъыльыкІыр щыІэкъым. Центрым апхуэдэу къэмэщІэкІ сымаджэжьр нэгъэущ Іуэхущапіэхэм эзэшэн автотранспортыр.

А щхьэусыгъуэхэм къыхэкІыу сымаджэжьр нэгъэущ Іуэхущапіэхэм ягъэкІуэн хуей зэрыхъуМ щыхуэхэр гугъу ирегъэхь, ахэр зэрагъэхьэуж пІалъэрэ кІыхьмкІэ ешІ.

Центрым и лэжьыгъэр егъэфІэкІуэныМкІэ зэкІыпІэхэм ящыщу Хъэжьымыкъуэ Руслан кьелытэ мы Іуэхущапіэр хуримыкъу оборудованэмкІэ къыхэзгъэщыныр, апхуэдэу ар «Узэшыгъэ» федеральэ лъэпкъ проектым хэгъэхьэныр.

ЗэІущІэм къыриубзыгъаІ КЪБР-м уэныншагъэр хъумэныМкІэ и министр**Бицу Вадим.** Абы зэрэрыкІамкІэ, геронтологие центрыр зэрырилажьэр КЪБР-м и республикэ бюджетым и ахъшэщ икіи мы гъэм къриубыдэу абы сом мелуан 17,5-рэ зхуатІыпщІынущ. Апхуэдизэ ахъшэм щыщу сом мелуан 11,3-р лэжьапщІэу ятынущ.

Центрыр Узэншагъэр хъумэныМкІэ министерствэм и кІэлъыплъныгъэм щІэгъэзэувэным теухуауэ я кьыхалъхьахэм я гугъу щищым, Бицу Вадим кьыхигъэщащ а Іуэхущапіэм ахъшэ езытыну министерствэр зэрахъуэжкІІ, республикэ бюджетым и хэщІэкІ зэрызэрамыкъуэжьынур. Ауэ фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховэанэмкІэ кьакІуэ ахъшэм ирипсэуну «Республикэ геронтологие центр» кьэрал Іуэхущапіэр хуэфІэкІуэ хъунукъым, сыту жьпІэмэ абы щыгъуэ къыІэрыхьэну сом мелуани 10,3-р лэжьапщІэ къудейуи хуриІэкъуныкъым. Псальэм къыдэкІуэу министрым къигъэльэгъуащ щыпхъуэдэ Іуэхущапіэ хэхахэм штаткІэ щылажьэхэм я бжыгъэр узэншагъэр хъумэным адрей и Іэнатіэхэм щылажьэхэм нэхъри зэрагъэзыВыр.

Лэжьыгъэмрэ социальэмрэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ**Дзэш Фатимэ** къыхихъэщащ геронтологие центрым лэжьыгъэшхэр зэрыригъэкІуэкІыр, ди республикэм фІэкІа апхуэдэ Іуэхущапіэ ІПщэ федеральнэ округым зэрыщымыІэр икіи щІэнущащ Урысей Федерацэм и субъект щхьэхуэхэм щыІэ апхуэдэ Іэнатіэхэм КЪР-м и геронтологие центрыр зэрагъащІ. Джэмыдыкъуэ Руслан зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ зэпыщІэныгъэхэр щыІэщ.

Лэжьыгъэмрэ социальэмрэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ **Жанатаев Сэлим** зыхуеину оборудованэ псори кьащхьэхи папщІэ текІуэдэжр зыхуэдизым щыщІэупщІэм, докладэ зыщІам жиІащ абы папщІэ сом мелуан 15 - 17 хуэдиз яІэн зэрыхуейр.

ЕгъэджэныгъэмкІэ, щэныгъэмкІэ, уэныншагъэр хъумэныМкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ**Дадэ Суфэдин** щІэупщІащ центрыр кІдрхэмкІэ къызэрызэгъэпэщам. Хъэжьмыкъуэ Руслан абы и жэуапу кьыхэтхащ. Центрым и лэжьакІуэхэр я Іэщ Іагъэм зэрыхуэІэкІуэлъакІуэр, абы-хэм я зэфІэкІымрэ щІэныгъэмрэ зэпымыууэ зэрыхагъахьэуэр.

ЕгъэджэныгъэмкІэ, щэныгъэмкІэ, уэныншагъэр хъумэныМкІэ комитетым и унафэщІ**Иванов Игорь** депутатхэм гу лъагІэзэташ геронтологие центрым зэшыщыгъэхъужьхэр тэмэму зэрагъашхэм, зыхуей зэрыхуагъаазэм.

Депутатхэр зэшІэупщІахэм апхуэдэу жэуапхэр яритащ КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальэмрэ политикэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Голочалов Николай.**

Президиумым хэтхэм республикэм и геронтологие центрым и унафэщІым кьыпсэлъахэр кьалытащ икіи унафэм и проектым елэжьыжьну трауХащ.

БАТЫР Любэ.

И чэзум щІадзэ

●Ди губгъуэхэм

Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм гъатхасэр гектар минИ 190-м щІигъум щрагъэкІуэкІынущ. Абы щыщу гектар минИ 102-р гъаваплхъэ къэкІыгъэ пасэхэм, мин 30-м нэсыр сэхуранымэ, мин 31-р кІэрпІофымрэ хадэхэкІэмрэ, гектар мин 30-м щІигъур мэкъумыпапхъэхэм хуахьащІущ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм гъавэ гъэкІыныкІмрэ жылапхъэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Пщцыхьащ ТІэхьир кьэзэригъэлъэгъуамкІэ, зэрыуэфІыр кьагъэссбэпри, гъатхэ гъбгъуэ лэжьыгъэхэм ягротехникэм и пІалъэ нэхъыбэрэ щІадзащ. Жылапхъэхэр, щыгъэпшэрэхэр ирикъуу яІэщ, техникэр сэгъуэм сыткІи хуэхьэзырщ.

Гектар минИ 102-м щащІа бжьыхьэсэ къэкІыгъэхэм теплъэфІ яІэщ.

«2008 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым агропромышленнэ комплексым зэрызыщужьыныр» республикэ программэ хэхам ипкъ иткІэ, мы гъэм ГъавэУ кърахьалІэр тонн мин 463-м нагъэсыну я мурадщ. Абы щыщу тонн минИ 182-р гуэдзу, тонн минИ 217-р гъавапхъэ нартыхуу.

Мэлыжьхьым и 1-м ирихьэлІэу ди республикэм гъатхасэр гектар мин 32-м щызэфІагъэкІащ. Мы зэманым ди губгъуэхэм щолласэ трактор зэмылЭужьыгъуэу 3504-р. ПхъэІэщэу 441-рэ, культиватору 508-рэ, жыласэ машинэу 984-рэ къагъэсэбэп. Губгъуэ лэжьыгъэхэр щызэпыу къэмыхъэн папщІэ, дагъэгъэсыныпхъэхэр ирикъуу кърахьэлІащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.
КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущапіэм и унафэщІ.

●Іуэхутхьэбзэхэр

Къалэм йогугъу

Республикэм и щыхьэрыр зэІуэпэщ щыныМ ехьэлІауэ псэупІэ-коммунальнэ Іуэхущапіэхэм кьаІэныщхуэ кьаІэпщытащ.

ИДЖЫПСТУ кьалэ транспорт кІэрыкІыпІэ щІэупщІэхэр яуХуэ, пхъэнкІий щыщхуэхьэс контейнеру 100-м нэс ягъэхьэзыращ, Налышк и «Электросеть» Іуэхущапіэм и лэжьакІуэхэм уэрам уэзыдгъэ пкъэхэр кьалэм и кьуажэ гъунэгъуэхэм щагъэув, гъэзугъэр зэрагъэпэщыж.

Налышк кьалэм щІымахуэм щыІэзэтрихьа пхъэнкІийр дагъэхьэбзыкІынурэ, щІхьанТІаръэхэр хэсэным и ужь ихьэнущ. Кьалэ кІыІэлъэдапІэхэр, кьалэкІуэ ильэс зыбжанэ хьауэ зыІтьэдахэ уэз гъэтІысыпІэхэм кьахэхъэнущ. Апхуэдэу, кьалэ администрацэм кІеГъэф нэгъэущ щІыпІэхэм кьинкІауэ кьалэ уэрамхэм лъаІуэу дэт щІыхуэхэм, бзаорым и Іэгъуэблагъэхэм я Іэр шияуэ тет сабийхэм якІэтхьапІынымрэ зи кьалэн ведомствэхэм икІэщІыпІэкІэ абыхэм унафэ тращІыхьын хуейуэ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Іуащхьэмахуэ къыхэфх!

Іэмал игъуэтащ абы и лъэныкъуэкІэ Іуэху пыухыкІа зэхэфІигъэкІы. Мы конкурсым и фІыгъэкІэ дэ ди хьыбарыр дуней псом щыдгъэІуфынущ. Адэкі эгупсысэмэ, абы рес. публикэм игъэтыну экономикэ Іэмальщіэхэри зыкьомкІэ зэрельытар кьыбгурыІуэну гугъукъым.

Іуащхьэмахуэ кьыІэзэхэфхьмкІэ Іэ фІэтын папщІэ 47 бжыгъэр зэрыт СМС хьыбарыр 4565 номерымкІэ евгъэхьын хуейуэ аращ (абы текІуадэр сом 8-м нэблагъэщ).

Нэхъ зэпкърыхауэ мы Іуэхум щыгъуазэ зэшыпщІ хьунущ. www.ucshudo.ru сайтым.

ЖэрдэмщІакІуэ гупым и телефоныр: 89887275088.

●Обозревателым и псалъэ

Шхуми шэми

щІитын зэрыхуейр. Абы щыгъуэми, иджыри къэсхьу (къэтщтэнкъым блэкІа илъэситІыр) Украинэм ди деж гъэзыр щищэжу щытащ, Урысейм ар дуней псом зэрарИ-щэ уасэм нэхъ?р процент 20-кІэ нэхъ пуду.

Украинэм и президент Ющенкэ Виктор и пщІэ екІуэхар кІэлэІтьыкІынымкІэ хуэпсысыкъуу, кьыхуэнэжар а зы лъэбакъуэр инчыжнрати, абы псынщІэу кьигъуэтащ «задкІуэгъу». Иужь зэманым Джордж хуабжьу кьегъэгушхуэ ар. Сыт щыгъуи хуэдэу, Вашингтон хущІокъу езым и сабэм зыкъэльхъэр дэни щыпхигъэкІыну, уеблэмэ, дуней псор и тепщэныгъэм щІигъэтыну. Арщхьэкіэ мы Іуэхур щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэ дыдэхэм щыІэ Украинэмрэ Курджмрэ НАТО-м хьыкъныр зэримыдэр. Езы США-м и дзэри кьыхуейщ Урысейм и дзэпкъыкъунымрэ. Псом япэрауэ, Пентагонымрэ абы кьуэ кьэрагъэкІмрэ я Іуэху щыщІагъуэкъым «хабзэхэр щызэфІагъэувэжыну» я дзэхэр здагъэкІуэ Афганистанэм, Ираким, нэгъэущ кьэралхэм. Хабгъэзыхьмэ, терорист шынагъуэм езым и щхьэ закъуэкІэ зыщІихьумэ кьэзэрагъэкІуэ Іуэхухэр зэрилэжьыныр жиІащ.

Сыт хуэдэу щытми, дыгъуасэ Къэрал Думэм щекІуэкІа «правительство сыхьэтым» кьыщыщыпсалъэм УФ-м нэгъэущ къэрал Іуэхухэмкіэ и министр Лавров Сергей жиІащ езыр зи упрафэщІ Іуэхущапіэм Абхъазэ, Осетие Ипщэр, Приднестровьер хамэ унафэ щІымэту къаІытэну къэзэгъэув хабзэм и проектыр зэригъэхьэзырыр. Араущи, Урысейм сыт хуэдэ ныкъуэкъуэгъуми ахуэп зэрыритыжыну Іэмалэхэр иІэщ. Ар къамыльытэу хъунукъым.

ШАЛ Мухьэмэд.

●Унагъуэм и илъэс

Сабий тхылъыр къыхах

Сабийхэм яхуэгъэза тхылъхэр щыкІуэхэм я гупсысэм зезыгъэужьыр, щІэныгъэм и льагъуэм тезыщэ, жыпІэкІэ ущыхуэнукъым. Щэч хэмылъу, ар фІыуэ къагурыІуэрт 1943 гъэм Урысей псом Сабий тхылъым и тхьэмахуэр щагъэльэпІэну къыхэзыльхьауэ щытахэм.

ХАБЗЭФІ ХЪУАУЭ, а махуэшхуэм иращІэкІ Іуэхугъэхуэр утыку кьрахьэ илъэс кьэс. Ди къэралым и адрей щІыналъхэм ди хуэдиз, ди республикэми щагъэльэпІащ Сабий тхылъым и тхьэмахуэр. Дызэрыт 2008 гъэр Унагъуэм и илъэсу зэрыщытыр кьалыкІэр, иджы 65-нэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІ махуэшхуэр а Іуэхугъуэм трагъэпсыхьат. ЩЭнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ министерствэм иубыхуэ Іуэхухэм ящхьэ иткІэ, кьалэхэм, кьуажэхэм дэт библиотекэхэм, курыт еджапІэхэм щрагъэкІуэкІащ зэІущІэ гъэщІэгъэнэхэр.

Налшык дэт Къэрал концерт гъэльэгъуапІэм иджыблагъэ кьрагъэблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэм я ЛыкІуэ ныбжьыщІэ цыкІуэхэр, еджэныр фІыуэ зыльагъэхуэр. Абыхэм ящыщ куэдым фІащащ «ЩІэджыкІакІуэ ныбжьыщІэ нэхъыфІ» щІэлъапІэр. КъБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Аминэ** абыхэм щІыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ яритащ.

ЗэІущІэм кьрихьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ театр теплъэгъуэхэмкІэ, ди артист пажэхэр зыхэт концерт дахэмкІэ.

ИСТЕПАН Залинэ.

Дыгъэм и къуэрыкІуэ

Экономикэм зеужь

АДЫГЕЙ. ***Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министрым и къуэдзэ Ивановский Юрий зэрыжиІамкІэ, 2007 гъэм Адыгейм и экономикэм иІэ хъуэжмкІэ Урысей Ипщэм и щІыналъэ псоми япэ ищащ.***

«ПРОМЫШЛЕННЭ производствемкІэ Адыгейм Урысей Ипщэм япэ увыпІэр щІыгъыщ, Урысей Федерацэм щыетхэанэщ. 2006 гъэм ельытауэ, къэралым и щІыналъэ зыбжанэм зыужьыныгъэфІ яГъуэтащ псэупІэ-ухуэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ щІыналъэхэм кьакІуэ инвестицэхэмрэ нэхъыбэ зэрыхъуам кьыхэкІыу. Адыгейм ельытыкІ, - жиІащ Ивановский Юрий.

Министрым и къуэдзэм апхуэдэуи кьыхигъэщащ республикэм и цІыхухэм кьаІэрыхьэ ахъшэм зэрыхэхъуар, УФ-м и адрей щІыналъэхэм ельытауэ ерыскъыпхъэхэм, ерыскъыхьэкІхэм, Іэмэпсымэхэм, хьэпшыпхэм, нэгъэущІэхэми я уасэхэм зэрыхэхъуар зэрынэхъмащІэр, лэжьапІэшэхэм я бжыгъэм зэрыкІэрыху зэпытыр, псэупІэ ууэныкмкІэ Адыгейр Урысей Ипщэм зэрыщыпэрытыр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Я щхьэ хуитыжмэ нэхъ къащтэ

АБХЪАЗ. ***Урысей Ипщэ парламент ассоциацэм и унафэщІ Шестаков Юрий иджыблагъэ журналистхэм яжриащ Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ я щхьэ хуитыж къэралыгъуэ щхьэхуэу Урысей Федерацэм кьыпльыгъи гъэІэзэр Урысей Ипщэм и щІыналъэхэм къыщалыытэн зэрыхуейр.***

●Фестиваль

КъБР-м и Музыкэ театрым мэлыжьхьыхьым и 1-м щекІуэкІащ ди лъэпкъ театрым и вагъуэ ин, артист гъуэгуанэ. Ди ныбжьыгъуэ артист Тыхъужь Алий и цІэр зезыхьэ, комедиен хуэІэзэ артистхэм гъэ къэс ирагъэкІуэкІ щІыналъэ зэпеуэм и лауреатхэм я фестиваль.

ТІыхъужь Алий и цІэр зэрехьэ

ЗэІущІэр кьыІэзэІуихащ КъБР-м щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министр **Тут Заур**. Ар гуапэу екъуэхъуащ гушыІэм и махуэм ирихьэлІэ мы зэхьыхьэ дахэм зи зэфІэкІ кьыщыщыгъэльэгъуэну артистхэмкІэ пшыкьым кьрихьэлІа псоми. Зыкьагъэльэгъуэн щІымыдэзэ щІыкІэ артистхэм щІыхь тхылъхэмрэ зэгъэгушхэмрэ ирагащ. Апхуэдэу ягъэльэпІащ Осетие Ищхьэрэ - Аланием и къэрал академическэ театрым, Щодджэнщ Іыкъу Алий и цІэр зезыхьэ Адыгэ драмэ театрым, Базоркин Идрис и цІэр зэрихьэу театрымрэ киномкІэ «БАТ» студиер (Ингуш Республикэ), Акъ Мухьэбэч и цІэр зезыхьэ Шэрджэс драмэ театрыр, КъБР-м и Музыкэ театрыр, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс драмэ театрыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Гуащэ театрыр, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэу Къуныжь Алимрэ Жангуразов Мэжидэ, Дыш Елдар сымэ.

Утыкум япэу кьихьа Адыгэ драмэ театрым и артистхэм ягъэльэгъуащ Песин Азиз и «Сыукі иджы, дунейнэхуІ» спектакльым щыщ пчыльгуэ. Адэкіэ Музыкэ театрым Штраус Иоганн и «Дзыгъуэнэф» опереттэм, Урыс драмэ театрым - Гоголь Николай и «ФызышІэ» спектакльым. Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и театрым - Хугаев Георгий и «Гъатхэ уэрэд» спектакльым щыщ ныхьэкэр, нэгъэущІэкэр.

Кьызэхэсахэм я гукъыдэжкІэ кьаІэтащ артист цІэрыІуэхэр КІэхъумахуэ Фатимэ, Тхъэшыгъуэй Жанно, Хьэмырзэ Ахьмэд, Жангуразов Мэжид (КъБР), КІэдэкІуэй зэщхьэгъуэгъэхэр СафІимэрэ Артуррэ (КъШР).

ЗэхущІэр ягъэдэхуащ мы Іуэхугъуэр нэгъабэ лъандэрэ зэпеуэ жьпхъэм кьыщыхьэрытекІам кьыхэкІыу, кьэпщытакІуэ гуп лэжьакъым, нэхьыфІхэр кьыхахьу мурад иІакъым. Зэрыжаіэщи, текІуар ныбжьыгъуэрщ.

ИСТЕПАН Залинэ.

Сурэтхэр **ЕлъкъэН Артур** *трихащ.*

●Къэрал концерт гъэльэгъуапІэм

Къандур Мухьэдин фрегъэблагъэ

Адыгэ тхакІуэ, кинорежиссер щІэрыІуэ, композитор Къандур Мухьэдин и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъум иращІэкІ творческэ пшыхьхэр Налшык щекІуэкІыну мэлыжьхьым и 5 - 6 махуэхэм.

МЭЛЫЖЬЫХЬМ и 5-м Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапІэм сихьэт 16-м щыщІадзэнущ классикэ макъамэм и пшыхьым. Хамэ къэралхэмрэ Урысейм я щыщ артистхэм абы щагъэзэщІэнущ юбилярым и музыкэ ІэдакъэщэкІэр.

ЕтІуанэ махуэм и пшыхьащхьэм сихьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м щидзэу Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапІэм щекІуэкІынущ эстрадэ пшыхь. Абы кьырихьэлІэхэр ирагъэдэлъэнущ Бэлагъы Любэ и усэхэмкІэ Къандур Мухьэдин итха уэрэдхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист цІэрыІуэхэм я зэрыдэлъ.

ФІыщІэуплІэ хьунущ **47-36-50, 40-31-49** телефонхэмкІэ.

●Иджыри къыдэкІуеижьи ядэркъым

Свердловскэ областым щыІ «ПыІэ плъыжь цыкІу» шахтым и лъэжьакІуэ 97-м къыдэкІуеижьи ядэркъым.

Зы гуп къыдрашеижащ я узыншагъэр зэрызэІыхьам кьыхэкІыу. Шахтерхэм кьалъуэ я улахуэхэм хахъхъэну, щобэтыр лэжьагъэу махуэхэм хагъэхІыну, и.къ. Мыарэзыкъэ дохутырхэм я кІэльыпІныныгъэм щІэтщ.

(ИТАР-ТАСС).



Фэтэр зы мелуан

Лъэпкъ проектхэмкІэ советым и зэІущІэм кьыщыщыпсальэм, УФ-м и Президенту хаха Медведев Дмитрий жиІащ Урысейм зы илъэсым фэтэру зы мелуан хуэдиз зэрыщІэхьэнущ.

Ахэр мыин дыдэми, пкъыгъуэ лъапІэхэм кьыхэмыщІыкІами хъунуц - нэхьыщхьэр ущыпсэун папщІэ тыншыгъуэ псори зиІэу щытынырщ, кьыхигъэщхьэхуакІащ Медведев Дмитрий.

ЩІалэ цыкІуэхэр кьалытхъуэ

Чита и бзэрым щальэгъуауэ жаІэ махуэ зыбжанэ и пкІэ бзэха щІалэ цыкІуитІыр - Кириллэр Давидэр.

Я лъэужьым техьа хуэдэщ, арщхьэкІэ ягъуэтырхьмк. ЗэрыхуагъэфащмкІэ, абыхэм зэгъэщІкІ. Нэхъапэм сабийхэр идыгъуэуэ ягъэкъуанщэу яубыда Пахомов Николай хейуэ кьыщІэкІащ.

Косовэ и Іуэхур

УФ-м и Президент Путин Владимир Будапешт кІуащ «Урысей - НАТО» саммитым хэтыну. Кьыхэхуэсахэр хуабжьу тогугъэныкъ абы кьиІэтыну Іуэхухэм - куэдым кьалъэІэ ди къэралым и Унафэщым зигъэхІиныну.

Хэбгъэзыхьмэ, политик куэдым кьыхуараджэ лъэныкъуэхэм зэрызэхуадчыхьну Іуэхухэр кьагъэутыну. Франджмрэ Германиемрэ жаІакІащ Украинэмрэ Курджмрэ НАТО-м хэгъэхьэным и Іуэхур зэрыдамыныгъыр.

Косовэ и Іуэхур

Сыт хуэдэ щытми, ди къэралыр ЩІэнхабзэмрэ ХьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм и къуэдзэ Ивановский Юрий зэрыжиІамкІэ, 2007 гъэм Адыгейм и экономикэм иІэ хъуэжмкІэ Урысей Ипщэм и щІыналъэ псоми япэ ищащ.

Ахэр мыин дыдэми, пкъыгъуэ лъапІэхэм кьыхэмыщІыкІами хъунуц - нэхьыщхьэр ущыпсэун папщІэ тыншыгъуэ псори зиІэу щытынырщ, кьыхигъэщхьэхуакІащ Медведев Дмитрий.

ЩІалэ цыкІуэхэр кьалытхъуэ

Чита и бзэрым щальэгъуауэ жаІэ махуэ зыбжанэ и пкІэ бзэха щІалэ цыкІуитІыр - Кириллэр Давидэр.

Я лъэужьым техьа хуэдэщ, арщхьэкІэ ягъуэтырхьмк. ЗэрыхуагъэфащмкІэ, абыхэм зэгъэщІкІ. Нэхъапэм сабийхэр идыгъуэуэ ягъэкъуанщэу яубыда Пахомов Николай хейуэ кьыщІэкІащ.

Косовэ и Іуэхур

УФ-м и Президент Путин Владимир Будапешт кІуащ «Урысей - НАТО» саммитым хэтыну. Кьыхэхуэсахэр хуабжьу тогугъэныкъ абы кьиІэтыну Іуэхухэм - куэдым кьалъэІэ ди къэралым и Унафэщым зигъэхІиныну.

Хэбгъэзыхьмэ, политик куэдым кьыхуараджэ лъэныкъуэхэм зэрызэхуадчыхьну Іуэхухэр кьагъэутыну. Франджмрэ Германиемрэ жаІакІащ Украинэмрэ Курджмрэ НАТО-м хэгъэхьэным и Іуэхур зэрыдамыныгъыр.

Украинэмрэ Курджмрэ Атлантикэ Ищхъэрэ блокым хьыхьауэ къызэрыщыбгъэхъуну гугъущ, ауэ а къэралитІри абыхэ ухабжьу хущІокъу. Щхьэусыгъуэу ящІыр зыщІдэ НАТО-м дыхьыхьэмэ, Урысейм и текъуэзнэгъэм дыкъыщІэкІынущ.

АУЭ а щІыналъитІми цІыхухэм зэращеупщІам кьрикІуахэм ятепщІыхьмэ, абыхэм щыпсэуэхэм я процент 80-м щІигъур хуейкъым езыхэм я къэралхэр а зауэ хуэІуэхущІэ зэгъуьэныгъэм хьыхьэну. Украинэр а блокым хьалэ щыдгъэзыгъыр езым и кьухьэпІэ лъэныкъуэм щыпсэухэрщ. Абыхэм къэралым и агропотенциал и дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ кьалэн гуэри ягъэзащІэркъуу, кьыхуэнэжар а зы лъэбакъуэр инчыжнрати, абы псынщІэу кьигъуэтащ «задкІуэгъу». Иужь зэманым США-м и президент Буш Джордж хуабжьу кьегъэгушхуэ ар. Сыт щыгъуи хуэдэу, Вашингтон хущІокъу езым и сабэм зыкъэльхъэр дэни щыпхигъэкІыну, уеблэмэ, дуней псор и тепщэныгъэм щІигъэтыну. АрщхьэкІэ мы Іуэхур ЩІэнхабзэмрэ ХьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм и къуэдзэ Ивановский Юрий зэрыжиІамкІэ, 2007 гъэм Адыгейм и экономикэм иІэ хъуэжмкІэ Урысей Ипщэм и щІыналъэ псоми япэ ищащ.

«ПРОМЫШЛЕННЭ производствемкІэ Адыгейм Урысей Ипщэм япэ увыпІэр щІыгъыщ, Урысей Федерацэм щыетхэанэщ. 2006 гъэм ельытауэ, къэралым и щІыналъэ зыбжанэм зыужьыныгъэфІ яГъуэтащ псэупІэ-ухуэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ щІыналъэхэм кьакІуэ инвестицэхэмрэ нэхъыбэ зэрыхъуам кьыхэкІыу. Адыгейм ельытыкІ, - жиІащ Ивановский Юрий.

Министрым и къуэдзэм апхуэдэуи кьыхигъэщащ республикэм и цІыхухэм кьаІэрыхьэ ахъшэм зэрыхэхъуар, УФ-м и адрей щІыналъэхэм ельытауэ ерыскъыпхъэхэм, ерыскъыхьэкІхэм, Іэмэпсымэхэм, хьэпшыпхэм, нэгъэущІэхэми я уасэхэм зэрыхэхъуар зэрынэхъмащІэр, лэжьапІэшэхэм я бжыгъэм зэрыкІэрыху зэпытыр, псэупІэ ууэныкмкІэ Адыгейр Урысей Ипщэм зэрыщыпэрытыр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къэмыкі къэщхьэльэркъым.

Си еджапІэ - си къежапІэ

Абы и дерсхэр

• Дэ къытхуатх

Зэман щыІакъым щІэблэр гъэсэныр щытынша нкІи ар гурыІуэгъуэщ. Псынщіэ дыдэу зызыужь. ГъащІэм къалэн къытщещІ гъэсэныгъэм и Іэмалыщіэхэр къэдгъыхъуэри хуейуэ. Дэнобэ зи гугъу тщІынур гъащІэм зыкъыкІэрымыгъэхуу зи Іэнатіэр илъэс 35-рэ хъуауэ езыхьэкІ егъэджакІуэ Къадакіуэ Жаннэщ. А щыхуэз щыпкъэм пригъэджахэм дащыщщ дэрт нкІи егъэджакІуэ дыхъунымкІи, лъэпкъымкІи, гъэсныгъэм и литературэмрэ къыхэтхынымкІи щапхъэ тхуэхуэари Жаннэ и гъэжькІэрщ, и Іэщіагъэр фІы дыдэу зэрилъагурщ.

Къалакіуэ Жаннэ.

ШКОЛЫМ лэжьэн щыщІэдза нэуэжьы, егъэджакІуэ нэс дыхъуным хуищІэжыу методикэ чэнджэщэмкІэ нэхьыбэу къыддэгъэшари аращ. Ильэс куэд хуэуэ ар и унафэщІщ адыгэбзэр езыгъэджэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм. Иригъэжи и анэдэльхубзэмрэ литературэмрэ фІы дыдэу зэриІыгъуращ Жаннэ и ехьулІэныгъэхэм я лъабжьэу кІыльыгъэр.

- Нэгъуэщі предмет езгъэджыну Іэщіагъэ с хуэхьуамэ, си фІэщ хъуртэкъым апхуэдизу гурэ псэкІэ сыдихьэ хуэ сылэжьэфыну, - жеІэ адыгэ хабзэмрэ тхыдэмрэ зи напшІэ гъэ егъэджакІуэм.

Арагъэнщ адыгэ щэнхабзэр щаджыну дерсхэр программэм къыщыхагъэхьам, абыкІэ егъэджэныр Жаннэ и пщэ къыщІралъхьари. Республикэ псор къызэхимкІуэкІыщ, егъэджакІуэхэри адэжьхэри я Іуэ хуэ къыхуэзщІигъэІуэри, лъэпкъ хьэпщІыпэхэм я музей и еджапІэ пэщым къыщыІэзригъэпэщын лъэкІащ абы. Апхуэдизу егъэныгъэмрэ гъэсныгъэмрэ щІэуэ къыхьыхьэм хэль фІагъэ псоригъэІуэм къыщыщыІэгъэсэбэн егъэджакІуэщ Къалакіуэр.

ЕгъэджакІуэр егъэпІейтей адыгэбзэр зэрыт щытыкІэмрэ лъэпкъ хабзэр зэрыкІуэщІымрэ. «Адыгэбзэр мыкІуэдыжьыщ щхьэкІэ зэрэщащІ», жиІэу егъэджакІуэм и пащхьэм иткъым ар. Жаннэ и урокхэр зэмыщхьу, егъэджакІуэхэм щІэщыгъуэ ящыхьэн хуэдэу еухуэ, Іэмал зэхуэмыдэхэр къигъэсэбэнуэрэ. ЕгъэджакІуэм и дежкІэ нэхъыщхьэр сабийм щІэныгъэ ябгъэдэлъхьэным и закъуэкъым, атІэ ар гупсысэу, дунейм хэзышІ лъагъуэхэр кІиутыхьэуу егъэсэнэми мыхьэнэшхуэ ирет.

- Бзэм зиужьын папщІэ, абы лъэпкъыр ирипсэлъэн хуейщ, - жеІэ Жаннэ. - Адыгэбзэр къэралыбзэу къыщалъытэкІэ, къэрал Іуэхуэхэри иризэрахьэу къекІуэкІын хуеІуэ къызэлъытэ.

Жаннэ и дэтхэнэ дерсми ныбжьыщІэхэм псалъэщІэ куэд къыщащІэ, абыхэм я бзэр нэхъри къулей ищІу. Абы хуэгъэпса методикэ щхьэхуэ, езым зэхилъхьэжауэ, къегъэсэбэн Къалакіуэм. Еджакіуэм и къуэрыІуэ нэхъ щІэныгъэ зиужьыр, Жаннэ дунейпсо литературэм и тхыгъэ нэхъыфІхэми щыгъуазэ ещІ ныбжьыщІэхэр.

И дерсхэм пызыщІэ лэжьыгъуэ Жаннэ школым щрегъэкІуэкІ «Адыгэ хабзэ» факультативыр, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ гупжьейхэр. Абыхэм сабийхэр щытрегъэпсэлъыхь жылагъуэм щекІуэкІ Іуэхуэгъэщхуэхэм. Къалакіуэм ныбжьыщІэхэм яжреІэ лъэпкъ хабзэр зехьэныр, нэмыс зыхэпсІыныр, псом ящрэщІ, анэдэлъхубзэкІэ псэлъэныр - ар си щхьэ пщІэ хуэзыщІыж дэтхэнэми и кІалэну сыт хуэдэ лъэхьэни зэрыщытыр.

Адыгэбзэр си псэм хэль егъэджакІуэ гумызагъэм дохъуэ хьу и лжьыгъэм ар нэхъри ин дохъуу, узынщэу куэдрэ псэуну, лэжьэну, и бынэм я гуфІэгъуэ ильагъуну.

ХЬЭКЪУІ Равидэ,
БЕЙТЫГЪУЭН Альбинэ,
Нартан курыт еджапІэ №2-м и егъэджакІуэхэр.

Адыгэбзэм хуэпэж

• Ди псэлъэгъуэхэр

Бзэр щыхуэм егъэщІэным, егъэджыным зи гъащІэр тезыхуэу, ар Іэщіагъэу къыхэзыхъэм пщІэ, нэмыс лей кІалэжь. Сыту жыпІэмэ лъэпкъыр зыгъэлъэпкъыр бзэращи, ар зыхъуэжьым лъытэныгъэшхуэ Іэн хуейщ. АпхуэдэтщІэ зыхуэфащъэм ящыщщ Налшык кІалэ и 14-нэ гимназием и пэщІэдзэ классхэм адыгэбзэмкІэ и егъэджакІуэ Афлъунэ Маринэ Заурбий и пхъур. Зи лъэпкъ хабзэхэм яхуэпэжк, сабийхэм я ущиякІуэ щыхуэр щыпкъэм и лжьыгъэм нэхъ кууэу щыгъуазэ зыхуэтщІын мурад диІэу, абы зыхуэдэзащ.

- Маринэ, мы Іэщіагъэр дауэ къыхэпха хьуа?

- Абы хъыбар кІыхь иІэщ. Еянэ класс сыхъуху, махуэ кьэ ди адэм машинэкІэ Тэрч кІалэ дишэурэ абы дыщеджащ. Абы адыгэбзэ щыдджырэтэкъым. ИужькІэ ди анэшхуэм «Сабийхэр хъуажэм щеджэ щхьэ мыхьэнэ?!»-жиІэри, Дей курыт школым дыкІуэу щІэддзащ. Япэ дыдэ адыгэбзэ дерсым сыщыщІэсам, икъукІэ сыукІытауэ щытащ - хьэрф зэгуэтхэр сцІыхуртэкъым. Тхыгъэм и темэмрэ и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ кьыджкІэжи Іэри, адыгэбзэмкІэ ди егъэджакІуэм сыкьыгІэтэджат. Си бзэр зэІыпащ сыщыгу сыкьыщІыгъуэм, кьыздджэ щІалъэ цІыкІІу гуэрым ущІэм и жэуапыр зэрыт напэкІуэцІыр тхьылъым къыдичы, зыми ямыІыгъуу си пащхьэм нысхуриІльхьауэ щытащ. Ауэ ар сыткІэ сэбэп къысхуэхьунут, хьэрфхэр зэпызмыкІуэ абдеж къыщыізгурыІуащ икІи мурад быдэ сщІащ ар нэсу зджыну. ЕгъэджакІуэр машІэу къызэшхьдауэ ар, ауэ сэ унэм сыгъэрынэсыжу си адэшхуэм сыкъуэгъащ, «си напэр текІащ», жысІэри. Ди адэр дэжьащІэм къыгэрикІыжу, си Іуэхуэ зыІутыр жесІащ.

ИкІэщІыпІэкІэ адыгэбзэ алыфбей къысхуигъэтри, егъуэнэ классым сыщІэсу си бзэр джын щІэздаауэ щытащ.

- А щыхьащІауэ щыгъам узыщІигъэгъуэсыскІыжу, адыгэбзэр Іэщіагъэ пщІауэ ара хъунщ.

- Пэжыр жысІэнщи, еджапІэ нэхъыщхьэ сыщыщІэтІысхьами адыгэбзэр здкажьым. Къэзухар Къэрэшей-Шэрджэс педагогикэ институтраш, пэщІэдзэ классхэм я егъэджакІуэу Іэщіагъэр зэзгъэгъэтауэ. Абы сыщыщджа зэманым филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Тамбий БетІал и щхьэгъусэм нэІуасэ дыхъуэхъуауэ щытащ. Ахэр къэбзэрдейт, ауэ БетІал КъШР-м щылажьэрти, абы Іэпхъуауэ арат. Езыхэми, «Къэбэрдейм кьинКІа ди ныбжьэгъу ныбжьыщІэхэр» жеІэуэрэ, драгъэблагъэу, дагъэльапІэу щытащ. Ахэр щыху губзыгъэт, щыпкъэтІи, сфІэтельыджэу сабгъэдэст. Тхыдэм, литературэм, бзэм, хабзэм тепсэлъыхьэрт икІи адыгэбзэкІэ фІэкІа псалъэрэгъэкъым. АпхуэдизкІэ адыгэбзэр ягъэпэрыуэу, ягъэльапІэу щытти, абыхэм сахэтрэ си бзэр сфІэгъэщІэгъэн хьуащ, сыдихьэхащ, сриІэжьарэт зыкІащ. Абыхэми егъэджакІуэ тельыджэ, щІэныгъэлІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Пщыбий Инали куэд къысхуащІащ - бзэр фІыуэ сагъэльэгъуащ, куэдым сыхущІагъэджьКІащ.

- ИужькІэ адыгэ кІуданэм ущІэтІысхьа хъунщ, Маринэ.

- Хьэуэ, сыщІэтІысхьакъым, апхуэдэ хъуэпсапІэ сиІа пэтми. ЕджапІэр къэзухри, ди республикэм къэзгъэзэжащ икІи мы гимназием лжьанІэ сыкьэуващ. Сызыхуэсджам ильэс зыбжанэкІэ сриІэжьауэ, ди еджапІэм и унафэщІхэм гу льатащ адыгэбзэм нэхъ сытегъэщІауэ сызэрыщытыр, щІыхуэ зэрыримыпсалъэр си жагъуэ зэрыхъэр, икІи пэщІэдзэ классхэм щІэс мыадыгэ сабийхэр ди анэдэлъхубзэм хуэгъэдджену си щІэм кІэралъхьащ. ИужькІэ адыгэ гупыр кьызатІыжауэ щытащ.

- А гупитІым ящыщу дэтхэнэр нэхъ гугъу адыгэбзэм хуебгъэджну?

- Адыгэхэр я анэдэлъхубзэм хуебгъэджну нэхъ тыншщ жысІамэ, нэхъ тэмэмкІ хуейт, ауэ, ди жагъуэ зэрыхьущи, Іуэхур зэрыщытыр нэгъэщІэщ. Кьалэм дэс адыгэхэм я бынхэм я нэхьыбэр урысыбзэщ зэрыпсальэр. Сэ кьызэгурыІуэркъым: лэжьапІэм, еджапІэм, сабий садым урысыбзэкІэ ущыпсальэми, уи унагъэ уихьэжа нэужь, уадыгэу адыгэбзэкІэ узэрызэмыпсэлъэнур дауэ? Кьалэдэс сабийхэм урысыбзэр яІурылъу кьотэжк, адыгэбзэкІэ псэлъэн дэнэ къэна, ар кьызыгурымыІуэхи яхэтщ. Ар емыкІуэ. Уи бзэр уэ умыгъэпэлъэпІэжмэ, хэт гульытэ къызыхуэзыщІынур? Усабийуэ кьыумыщтар, балигъ ухьуа нэужь кьыпхуэщтэжьхэхэмкъым. Ар куэдым кьагурыІуэркъым.

- Дау-тІэ сабийхэр адыгэбзэм зэрыдебгъэхьэхыр, сыт хуэдэ Іэмалхэра нэхьыбэу кьэбгъэсэбэнщ?

- Япэраущ, сабийхэм кьагурыбгъэІуэну узыхуейр ятьагъуу щытыпхъэщ. Нэрылъагъу пособиехэраш зи гугъу щІыр. Псалъэм папщІэ, адыгэфащэр зэрыщэхэльыр щебгъэджкІэ, Іэмал имыІэу сурэтхэр я пащхьэ илыын хуейщ. Бостей е щей закъуэ мыхъуу, ахэр цІыхуэм дахэу щыгъуу ебгъэльагъуэ, сабийхэр абы нэхъ дедхэх, яфІэгъэщІэгъэнщ. АдэкІэ, хъыбарыжьхэр, адыгэ псэлъкІым и тхыдэр ящІэгъэнэу щІэх-щІэхыур яжеІэжьи хуейщ. Адыгэхэм я хабзэ дахэхэм, шыфлІыфэу яІахэм я нэІуасэ яхуэпщІмэ, хэпщІыкІыу нэхъ тыншмэхъу сабийхэм ядолэжьэныр. Адыгэбзэ зымыщІэ щІыкІуэхэм бзитІымкІи ядолэжьэн щІыздэрэн, машІэмащІэурэ абы дызогъэхьэрин, бзэр джьным хуэошІ.

- Маринэ, узыпэрыт Іэнатіэмрэ унагъуэ кьалэнхэмрэ дауэ здэпхъыфр?

- Зэманыр зэпэльытауэ кьэбгъэсэбэнмэ, псомиуэ ухунэсынущ. Сэ зыпхъу сиІэу аращи, Псыхуабэ бззщІэныгъэхэмкІэ дэт университетым франджьбзэр щедж. Нэхьапэхэм фІэфІ хьуртэкъым си лжьыгъэм зэман куэд зэрыхуэхьар, гульытэ псори езым хуэсщІын хуейуэ кьыльытэрт. Иджы ар балигъ хьуащи, сыкъыгуроІуэ. Пэжщ, гугъущ егъэджакІуэм и джьным гъэр, ауэ ар уи псэм фІэфІу щытмэ, зэи кьыптехьэлъэркъым.

- Маринэ, уи ІуэхущІафэ дахэхэм ящкІуэжьи фІыгъэкІэ гъащІэр кьыпхуэупсэну, ехьулІэныгъэхэр уиІэу бзэІутІэлъущІэу упсэуну ди гуапэщ.

Епсэлъар
КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ.

• Щапхъэ

МафІэдз Людмилэ.

Псынэпс къабзэ

Ди тхыгъэм фІэщыгъэщІэ хуэтщІам худогъадэ ди анэдэлъхубзэр. Щыхэмрэ бзэмрэ зэпэІэщІэ хьумэ, псынэр гъужьщщ. Апхуэдэ къэмыхьыныр зэрыдытар, псом япэрауэ, адыгэбзэр щІэблэм яІурылъхьэ, а псынэпс къабзэр лъэпкъым яхуэзыхьуэр ди егъэджакІуэхэрщ. Абы и лъэныкъуэкІэ сыт хуэдэ Іэмалри кьигъэсэбэпу мэлажьэ егъэджакІуэ МафІэдз Людмилэ. А Іэнатіэ мытыщым илъэс 36-рэ хъуауэ ар щыпэрытщ Шэджэм кьалэм дэт курыт еджапІэ №4-м.

И ІэщІагъэр кьыэзыхихам щытепсэльыхькІэ, Людмилэ жеІэ абыкІэ щапхъэ кьыхуэхъуар и школ егъэджакІуэхэр зэрэщІар. 1967 гъэм бзыльхъуэ щІыдгъ щІэтІысхьащ Налшык дэт педучилищэм икІи ар кьыуха нэужь, ныбжьыщІэр зыщІэхъуэпса егъэджакІуэ Іэнатіэм пэрыуващ. Зэрылажьэм хуэдэурэ, Людмилэ и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ. Къабардино-Балкарие гъэсныгъэм и ІэнатІэм ета егъэджакІуэ гумызагъэмрэ абы и щапхъэр зи гуаэзэ егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэмрэ я лэжьыгъэшхуэм. МафІэдзым кьыхуагъэфэщащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэІэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, егъэджэныгъэмкІэ куей кьудамэм кьабгъэдэкІ щыхьэ, фІыщІэ тхьлъ куэд, «Лэжьыгъэм и ветеран» дамыгъэр.

- Уэлэпэрыт Іэнатіэр зэкІэ кьыхэпхам, абы махуэ кьэси гукъыдэжрэ дэрэжьэгъуэрэ кьыпхуихьу щытын хуейщ. Си щхьэкІэ апхуэдэущ си лэжьыгъэм сызэрыкъуцІыр. Ар гугъуэми, узыІэпэзыщэ куэд хэлъщ. Псом хуэдэжьым анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэу ущытынщ. Бзэр псынэпс кьабзэщ уи лъым хэтмэ, а Іэнатіэм куэд щыпхъуэзфІэкІынущ, - и лэжьыгъэм топсэлъыхь МафІэдзащ. - Хьэкъыуэ спхьыкІауэ сощІэ: ильэс бжьыгъэкІэ школым егъэджакІуэу щылэжьа щыхуэм ар нэхъ ящІэрэ и ІэнатІэкІэ зэрихъуэжкІэ щыІэкъым. Абы и гумрэ и псэмрэ игъащІэ псокІэ щихьэмэнущ ныбжьыщІэхэр егъэджэныгъэ гъуэгум тришэу, абы щІэныгъэм и дунейм и бжэхэр кьахуэзІуихьэу щыщыта ильэсхэр.

ЕгъэджакІуэ Іэнатіэм ещІэжьауэ, щІэблэм я чэнджэщэгъу нэсым и лъэужьым ирикІуэ куэд кьахокІи и гъэсэнэхэм. Абы ирогушхуэ МафІэдзыр, ауэ абы и дежкІэ нэхъыщхьэ дыдэр абыхэм кьыхах Іэщіагъэракъым, атІэ ахэр псэ кьабзэу , хабзэ яхэлъу гъащІэм, щІыхуэм яхэзэгъэныгъэ. Езы егъэджакІуэм гъащІэм гъуаэзу щиІэр зи гугъу тщІа хьэл-щэнхэрщ: щІыхугъэ льагэр, хабзэ-нэмыс екІуэр, щІэныгъэ куур.

МЭКЪУАУЭ Аринэ,
егъэджакІуэ.
Шэджэм кьалэ.

• Пэрытхэр

Къалэн нэхъыщхьэ


Къардэн Бесльэн.

Къэралым и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэхэм кьалэнышхуэхэр я пщэ кьыдохуэ. Иужьрей илъэсхэм ди лъабхэм щекІуэкІ зэхьуэкІыныгъэхэр псом япэу зыльэІэсыр зи гугъу сщІы Іуэхущіапіэхэращ. НыбжьыщІэхэм абыхэм я егъэджакІуэхэмрэ я Іуащіагъэ ящыщ Аслъэн Хьэбалэ. Гуэзэкьуэ Ахьмэд, Дзэнэ Хьэжмурат сыкІэ, Къармэхъэблэ дэт адрей школхэм я егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ.

ЗИ КЪАЛЭМЫПЭМ ящыщІэкІаэхэр куэдым ягу ирихь, гу зэІуэкІэ цІыхубзэм яхэтхэ усакІуэм гуапэу кьыІуІщІащ балигъхэри ныбжьыщІэхэм. ЗэІуІщІэр щекІуэкІ пэщыр екІуу уда гъэгъакІэ гъэщІэрэщІат, усакІуэм и гущІэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуа гъэльэгъуэныгъэ купщафІи еджакІуэхэм ясхьэрагъэпэщат. Бештокъуэм кьыкІуэ гъэуэгунэмрэ адыгэ литературэм хуищІа хэльхьэныгъэмрэ тепсэлъыхьа ижь, утыкум кьратгъэблэгъащ езы усакІуэр. ЕджакІуэхэм усакІуэм ущІэкуэд иратащ. Абыхэм ящІэну хуейт усакІуэм и сабиигъэр зэрекІуэкІари, и щІалэгъуэм дзэныхэхэу щытари, нобэрей ди псэукІэм, зэхэтыкІэм зэрепльри. А псоми кІуэцІыкІфІэу, гушыІэ кьыщыхьыхьи щыІэу жэуап ираташ Бештокъуэм. Апхуэдэ зэпсэльэкІэм льэныкъуитІми дэрэжьгъуэ кьахуихьырт, езы пшыхьри игъэдахэрт.

Адэкіэ ныбжьыщІэхэр зэхэщІыкІыгъуэу кьеджащ Бештокъуэм и усэхэм, абы и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэр игъэзэщІащ.

Усакіуэ ф1эрафІэм псалъэ гуапэ щыхужаІащ а пщыхьэщхьэм. Дауи, цІыхубэм я льытэныгъэр псэкІэ зыхэзыщІэ Бештокъуэм и дежкІэ а псом мыхьэнэшхуэ иІэщ. Псом хуэмыдэу Хьэбас и гуапэ хуэщІ школым и егъэджакІуэ Щокьарэ Фатімэ итхаУэ еханэ классым щеджэ Сонэ Іэсинт кьыздджэ «Дыдэрыгушхуэ усакІуэ» усэр.

Усакіуэм, еджакІуэхэмрэ кьуажэдэсхэмрэ яку дэлъ зэпыщІэныгъэр нэхъ куУуж, дахэж зэрыкьуэр зыхащІэу, пшыхьым кьрихьэлІа псоми дэрэжьгъуэ ин яГуэтауэ зэІуІщр ихуащ.

МЫРЗЭБЭЧ МуІэад,
Къармэхъэблэ дэт курыт еджапІэ №2-м и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и кІуэдзэ.

• Щыхьэхэр

Гумрэ псэмрэ къабгъэдокІ

**Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Къармэхъэблэ къуажэм дэт курыт школ №2-м пшыІэ дахэ щекІуэкІащ. НыбжьыщІэхэмрэ абыхэм я егъэджакІуэхэмрэ я Іуащіагъэ ящыщ Бештокъуэ Хьэбас. ЗэІуІщм Къабардэ-Балкарие и Къэралыгъуэм и Къэралыгъэ Думэ и депутатыр, и Къэралыгъэ Думэм и Къэралыгъэ Къэрэшей-Шэрджэсыр

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Нэпсейхэр мылъкукІэ бгъэнщІыфыну?

● УпщІэхэмрэ жэуапхэмрэ

- Москва зэрыунагъуэу зыплъыхьакІуэ дыкІэну ди мурадш. Суреттехри здэсхьынут. Ауэ, яІуатэу зэрыІэз хэсхамкІэ, Уг Плъыжьмэ нэгъэущІ щыІэзкъуэ суреттехри щыкІэпхъу ядэнчкъым. Ар пэж?

Казаков Т., *Свердлов область.*

- М ОСКВА Кремлым и комендант Іуэхущ Іапіэм и унафэщІым и кІалэнэхр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Филимонов Михаил кІыхьзэрыджаІамкІэ, Урысейм и Президентыр щыщІалажьэ щІыпІэхэр зэрахъумэ щыкІэхэм зэхъуэкІыныбгъэ гуэрхэр халъхьащ. Ауэ ахэр зыгъеухуар хабзкэр «ЩІэжъуэзнырыкъым», атІэ щыкъухэм нэхъ тынщ ящыщІыныгъ. Суреит-кино-видео Іэмэпсымэхэр хабзэхъумэкэм я Іизынышъуэ щыпІэ щхьэхуэхэм кІыщагъэсебэныну хуимыстхэр къарал Іуэ хущІапІэкэм, телевидегъэм, нэгъуэщІ компаниехэм я ІыкІуэхэрщ, суреитхэр зыгъэбагъуэурэ фейдэ къэзыхьыну хущІэкъуэхэр, адрыкъуэмэ унагъуэ суреттехэркъым.

ПщІэну щхьэпэщ: Уг Плъыжьым и лъэгур зэрахъуэкІыу, ягъэщІэращІэу щІадзэнчу накъыщІэм дгъэлъапІэ махуэшхуэхэм яужькІэ. А лэжьыгъэр гъэмахуэ псом екІуэкІыну къыщІэжкІыну.

- Сыт Украинэм етщэ газым и пщІэр дахэ-дахэу къыщІыдимытыр? Ахъшэ имыІэу ара?

Лысенко А., *Санкт-Петербург.*

У ПЩІЭМ жэуап кърет Киев щыпсэу щІэныгъэлІ, Глобальнэ къхэутэныгъэкІэ институтым и унафэщІ Карасев Вадим:

- Ахъшэрэкъым Іуэхур къэзыпъахъэр. У Украинэм мы зэманым властыр щызыІыныгъэр зэрызэныкъуэкъурщ, тепщэгъуэр яхуэмыгъэшу. Къэралым и президентыр Ющенкощ, премьер-министрыр Тимошенкощ, парламентым щыщу нэ хъыбэр къызыдэщІыщ. А щыхъуэ зыбгъэ и зэранкІэ къытэжащ Урысеймрэ Украинэмрэ нэхъапэ хэм зэращІыІауэ щыта зэгурыІуныгъэхэм ящыщ куэдыр. Абы къыгуроІуэ газыр зыІэщІэлъым и зэфІэкІхэр ину зэрыщытынур, депутатхэри олигархэри къызэрыдэІэпыкъунут, президент хэхыныгъэхэр къэсмэ, и кІэныр къинкІынкІи зэрыхъуныр. А псори кьелъыгъэ, «�унэгуащІэ ткІийуэ» зигъэльэгъуэну хэтщ.

- Журналистхэр, щІэныгъэлІхэр куэд щІауэ топсэлъыхь дунейр кІуэ пэтми нэхъ хуабэ къызэрыхъум, ауэ тльагъур, зыхэтщІэр нэгъуэщІщ: инщэ щІынаблъэхр нэ хъ щІыІэ мжъу, Дапщэщ къыщысынур апхуэдизрэ дызыщагъэщынэ «дунейпсо хуабэр»?

Афанасьев И., *Омск.*

- РОСГИДРОМЕТЦЕНТРЫМ къызэрыщыджаІамкІэ, ди нэгум щІэкІ щыІуэпс къэхъуагъэхэракъым «дунейпсо хуабэкІэ» зэдэкэр, атІэ ЩІы хьурейм илъэс кІуэ хьуауэ итІуэт зэжъэзыбгъуэхэрщ. Ар щыхьэт тохъуэ щІэныгъэлІхэмрэ журналистхэмрэ дагъэщынэну зэрыхъэмытым, абыхъэм зи гугъу ящІ «хуабэр» щыпсэ къудейуэ къэпІалъэ зэрымыхъунум.

- Техникумхэм щІадзгъуэдэр зэрыщедкэ зэманыр еджапІэ нэхъыщхьхэхэм щагъуэуа пІатьэхэм хуэдизщІащІ, бакалавриатыр къызэрагунсысрэ, Абы фІы кьрикІуакъым. Псорн хуеинщ пщІэ нэхъыбэ зиІэ дипломхэр зрагъэгъуэтыну. Куэдым техникумхэр ябгьнэ. Сыт ащхуэдэ мыхъумыщІагъэр къэрал унафэщІхэм къащыфІэмыІуэхур?

Коломеец И., *Орел.*

- ЩІэныгЪэХЭМКІЭ Урысей Академиемк и ЩІэныгъэ советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Володарский Амет щыгъуэзэ дызэрэщІамкІэ, бакалавриатрэ зыкъыпхьыгъэ техникумхэм зэран яхуэхъуар. ІэщІагъэ щызрагъэгъуэт еджапІэхэм (техникумхэм, колледжхэм, ПТ У-хэм) я зэфІэкІкІэ зэрымащІэрщ. Сыгтіэ щІэн хуейр? Япэрэуэ, работчэ Іэщ Іагъэхэм ныбжьыщІэхэр дегъэ хьэхъупхьэщ. Етіуанэрауэ, техникумхэм щІэсхэм я стипендием зэгъэхъуапхъэщ, я общежитхэр егъэфІэкІуапхъэщ. Ещанэрауэ, Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэхэм я улахуэм зыкъомкІэ хэгъэхъуэн хуейщ. Итіанэщ зи гугъу тщІа еджапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я пщІэр зэхуэздэу лъагэ щыхъунур.

- Юрист, политикэ дэжьакІуэ Барщевский Михаил кьыгъэуваш дяпэкІэ кьулыкъущІэхэм, Іулъхьэ кьыІамыхьын хуэдизу, я улахуэр ин щІын хуейуэ. Апхуэдэ жэрдэмым мыхьэнэ гуэр иІэу кьэпІытэ хъунур?

Федоров М., *Пенза.*

- ЩЫГЪУАЗЭ фыхуэдощІ «Гражданская сила» партым и пашэ Барщевский Михаил и Іуэху епІтыкІэм:

